



Pou Piblikasyon Imedya: 01/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU EDE BIZNIS KI AN
DIFIKILTE YO JWENN KOUVÈTI BON MACHE POU DEDOMAJMAN AKSIDAN
TRAVAY**

Lejislasyon (S.9096/A.10078) bay plis pase 3,700 biznis nan New York ki gen balans ki pa peye chans retounen nan NYSIF, sa k ap bay positbite jenere plizyè milyon dola ekonomi

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse li siyen yon lejislasyon ki rebay plizyè milye biznis nan New York posibilite jwenn kouvèti bon mache pou dedomajman aksidan travay avèk New York State Insurance Fund (NYSIF), ki se pi gran konpayi asirans kont aksidan travay nan New York ak yon pyès metrès nan mache asirans bon mache Eta a.

"Nan pi move pwen pandemi COVID-19 la, gen plizyè milye biznis nan New York ki t ap lite pou yo pa koule ki te pèdi kouvèti bon mache pou dedomajman aksidan travay lè yo te plis bezwen li", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Men jodi a, gras a piston pwojè lwa a Senatè Ramos ak Manm Asanble Fernandez, n ap anonse mezi pou garanti biznis yo ka kontinye pwoteje travayè yo avèk kouvèti bon mache epi an menm tan okipe prim ki an reta yo. Pwojè lwa sa a pral rebay aksè ki nesèsè anpil, sa k ap pèmèt biznis toupatou nan eta a ekonomize plizyè milyon dola prim, sa k ap ede rezilta finansye yo."

Lwa New York la egzije pou biznis yo gen kouvèti dedomajman aksidan travay, e pifò nan yo pran li nan men NYSIF oswa yon konpayi asirans prive. Men kontrèman ak konpayi asirans prive yo, NYSIF asire tout anplwayè ki fè demann kouvèti kèlkeswa risk la nan pri ki pi ba posib la pou kenbe yon fon sòlvab. NYSIF gen dwa anile yon polis sèlman si li pa peye e jiskaprezan li te gen entèdiksyon re-emèt polis pou yon biznis ki te dwe li prim.

Nouvo lwa a pral pèmèt NYSIF emèt polis pou biznis ki gen balans ki poko peye, sa k ap pèmèt konpayi an peye prim li dwe a gras a yon plan peman pa vèsman. Lè li fè sa, lejislasyon an pral pèmèt plis pase 3,000 biznis nan New York rejwenn pi gran segman an nan mache asirans bon mache a, epi konsa jenere yon total 8 milyon dola ekonomi posib sou prim, oswa yon mwayèn apeprè 2,000 dola pa biznis ki gen polis.

Gaurav Vasisht, Direktè Egzekitif ak Prezidan, NYSIF, te deklare, "Gras a lidèchip Gouvènè Hochul, anplwayè toupatou nan New York ka kounye a kenbe asirans NYSIF yo epi pwoteje anplwaye yo pandan tan difisil. Nouvo lwa a bay NYSIF chans tou pou li rekonekte ak misyon piblik nou an, sa ki ba nou fleksibilite ede anplwayè ki an detrès yo ak garanti yon mache san paspouki."

Senatè Eta Jessica Ramos te deklare, "Bòdwo yo te fè pil pou ti biznis yo pandan pandemi an, e menm si bidjè ki te pwomilge a te gen ladan mezi konsekan pou pèmèt yo regenyen revni, yo bezwen plis sipò pou rekanpe sou pye yo. Mwen anchante dèske Gouvènè a siyen S9096 sa a, e konsa garanti sikonstans ki pa sou kontwòl yon ti biznis p ap anpeche li gen kouvèti asirans bon mache NYSIF la."

Manm Asanble Nathalia Fernandez te deklare, "Solisyon kredib pou kouvèti asirans, redrèsman, ak opòtinite. Se lentansyon sa pwojè lwa sa a gen pou ofri pou plizyè milye moun New York ki te fòse fèmen biznis yo e ki gen difikilte rekanpe sou pye yo. Gras a siyati mezi lejislatif sa a, mèt biznis yo ka kounye a kòmanse yon nouvo polis asirans pandan y ap ranbouse polis yo te genyen anvan sa a. Se yon reyisit non sèlman pou mèt ti biznis nou yo, men yon reyisit nan batay la pou pèp la pou demantle mi ak baryè k ap anpeche moun New York yo jwenn siksè, ansanm ak monte sosyal ak ekonomik. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò li nan ratifye pwojè lwa sa a epi nan ranfòse yon mouvman pou pi byen kore efò redrèsman yo nan New York ak nouvo pakou opòtinite pou moun yo."

Dapre nouvo lwa a, biznis ki gen polis yo ka travay ak NYSIF pou etabli yon plan peman, pou ni balans ki poko peye a ni prim nouvo polis la. Tout konpayi yo dwe respekte nòm seleksyon risk jeneral NYSIF yo tou. Pou plis enfòmasyon ale sou www.NYSIF.com

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418